



## Avi sou Pratik Vi Prive

AVI SA A DEKRI FASON YO KAPAB ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU YO AK FASON OU KA JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO.

**Enfòmasyon Ou Yo. Dwa Ou Yo. Responsabilite Ou Yo.** Avi sa a aplike nan enfòmasyon ou genyen sou swen sante w ak sèvis ou resevwa atravè APD. Lalwa bay APD obligasyon pou enfòme w sou obligasyon legal ak pratik vi prive ou yo, dwa ou yo, epi dekri fason nou kapab jwenn aksè, itilize, ak divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou yo. Nou dwe konsève vi prive enfòmasyon sou sante ou yo epi swiv tèm avi sa a.

**Dwa Ou Yo. Lè sa konsène enfòmasyon sou sante ou yo, ou gen dwa ak sa yo ki swiv la:**

- **Jwenn yon kopi dosye sou sante ou yo.** Ou kapab revize oswa jwenn yon kopi dosye sante ou yo eksepte pou nòt sikoterapi yo, enfòmasyon ki konpile nan kad yon ka legal, oswa otreman jan lalwa ekskli sa. APD kapab enpoze yon frè rezonab pou kopye, founi, prepare, ak voye dosye yo mande yo pa lapòs.
- **Mande nou pou korije oswa pou chanje enfòmasyon sou sante ou yo si ou kwè li pa kòrèk oswa li pa konplè.** Mande nou fason pou fè sa. Nou kapab di non pou demann ou an, men n ap ba w yon repons alekri nan lespas 60 jou.
- **Kominikasyon konfidansyèl.** Si ou mande nou pou kontakte w nan yon fason konfidansyèl (pa egzanp, nan yon nimewo telefòn presi, adres imèl, oswa yon adres lapòs ki dezinye), n ap akòde demann ki rezonab.
- **Mande APD pou limite ki enfòmasyon sou sante nou itilize oswa pataje.** Nou pa oblige dakò si sa t ap afekte swen ou an. Si nou dakò, n ap limite enfòmasyon yo sof si yo dwe pataje yo nan yon ijans.
- **Jwenn yon lis moun ke APD te pataje enfòmasyon sou sante ou yo avèk yo.** Ou ka mande alekri yon lis ki gen lè ke nou te pataje enfòmasyon ou yo ("kontablite"), kilès nou pataje enfòmasyon yo avèk yo, ak poukisa nou te pataje yo, nan dènye 6 ane yo, eksepte lè yo itilize yo pou reyalize trètman, pou peye pou swen ou, pou operasyon swen sante yo, divilgasyon ou te mande yo, oswa ke lalwa entèdi. Ou gen dwa ak yon rapò gratis chak ane.
- **Resewe yon kopi an papye pou avi sa a.** Ou gendwa ak yon kopi sou papye pou avi sa a.
- **Chwazi yon moun pou aji pou ou.** Gadyen legal ou an oswa yon moun ki gen yon pwokirasyon medikal pou ou kapab egzèse chwa sou enfòmasyon sou sante ou yo.
- **Resewe avi konsènan yon vyolasyon.** Ou gendwa pou yo enfòme w si yo te jwenn aksè nan enfòmasyon pwoteje sou sante ou yo, yo te pran yo, itilize, oswa divilge yo aprè yon vyolasyon nan lespas 30 jou aprè Ajans lan vin okouran de yon vyolasyon konsa.
- **Depoze yon plent.** Si ou santi APD te vyole dwa ou yo, ou kapab depoze yon plent nan biwo nou an oswa bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an. Yo p ap fè zak reprezay kont ou paske ou te depoze yon plent.

Responsab Vi Prive HIPAA  
Biwo Avoka Jeneral la  
Ajans pou Moun Andikape  
4030 Esplanade Way, Suite 380  
Tallahassee, FL 32399  
Telefòn: (850) 476-1180  
[HIPAA@apdcare.org](mailto:HIPAA@apdcare.org)

Operasyon Jesyon Ka Santralize  
Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini  
200 Independence Avenue, SW—Room 509F HHH Building  
Washington, DC 20201  
Telefòn: (800) 368-1019  
TDD gratis: (800) 537-7697 | Faks: (202) 619-3818  
[OCRCComplaint@hhs.gov](mailto:OCRCComplaint@hhs.gov)

**Itilizasyon ak Divilgasyon Nou Yo Sou Enfòmasyon Pwoteje Sou Sante Ou Yo** APD gen otorizasyon pou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ou yo pou trètman, pèman, ak operasyon swen sante. Si ou se yon kandida oswa yon benefisyè Egzansyon Medicaid pou Sèvis Adomisil ak Kominotè iBudget APD a ("iBudget HCBS"), APD itilize enfòmasyon pwoteje sou sante ou yo pou detèmine eliblite w pou pwogram Egzansyon Medicaid iBudget HCBS la ak pou detèmine montan asistans ou bezwen pou swen ou an. Epitou nou itilize yo pou jere pwogram Egzansyon Medicaid iBudget HCBS. Men kèk egzanp sou fason nou jeneralman jwenn aksè nan yo, pou itilize, ak/oswa pou divilge enfòmasyon sou sante ou yo:

- Pataj enfòmasyon sou dyagnostik ou ak bezwen pou swen ou pou detèmine elijibilite inisyal oswa elijibilite kontini pou pwogram Egzansyon Medicaid iBudget HCBS, ak pou kowòdone sèvis èd otonòm ak plasman nan yon etablisman swen.
- Pataj enfòmasyon sou bezwen swen sante ou yo pou peye pou pwodwi ak sèvis swen sante ou yo, ki gen ladan pwogram finansman federal ak eta a tankou Medicaid.

- Divilgasyon enfòmasyon sou sante yo bay manm pèsonèl APD ki apwopriye yo, asosye komèsyal yo, volontè, ak/oswa lòt ajans gouvènman ki enplike nan tretman ou an pou ou ka bay swen sante ak sipèvizon, ki gen ladan evalyasyon pèfòmans moun ki enplike nan swen ou an.

**Ki lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou yo?** APD gen otorizasyon oswa obligasyon pou pataje enfòmasyon ou yo nan lòt fason san otorizasyon alekri ou—an jeneral nan fason ki ankouraje sante publik, sekirite, ak rechèch. Nou dwe satisfè tout kondisyon nan lwa a anvan nou ka pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Egzanp yo gen ladan:

- Divilge enfòmasyon yo bay yon manm fanmi oswa yon lòt moun pou ede w si ou pa anmezi pou di nou preferans ou, tankou si ou vin enkonsyan oswa pandan yon ijans, si nou kwè li nan pi bon enterè ou.
- Pataje enfòmasyon ki nesesè pou redwi yon gwo menas oswa yon menas ki pral rive sou sante oswa sekirite.
- Deklare abi yo soupsone, neglijans, oswa vvolans domestik, ak pou prevni oswa redwi menas sou ou oswa sou sante oswa sekirite yon lòt moun.
- Pataje enfòmasyon ak lòt eta oswa ajans federal yo. Pa egzanp, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (“HHS”), Ajans pou Jesyon Dijans Federal la (“FEMA”), Sant pou Kontwòl Maladi (“CDC”), Ajans Florid la pou Administrasyon Swen Sante (“AHCA”), Depatman Timoun ak Fanmi Florid la (“DCF”), Depatman Sante Florid la (“DOH”), ak lòt ajans similè yo.
- Fè rechèch ki favorab pou moun ki gen andikap devlopmantal yo ak/oswa pwogram Medicaid la.
- Divilge enfòmasyon pou estatistik eta sivil, oswa ak yon òganizasyon ki fè jesyon ògàn, medsen lejis, evalyatè medikal, oswa direktè finèrè.
- Divilge enfòmasyon pou reklamasyon konpansasyon travayè yo, rezon pou aplikasyon lalwa yo, ak fonksyon tankou sèvis militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl.
- Reponn yon ôdonans tribunal, ôdonans administrative, oswa yon sitasyon.
- Divilge enfòmasyon ou yo nan mezi ke lwa eta a oswa lwa federal la egzije sa.

**Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon.** Lòt itilizasyon ak divilgasyon ki pa dekri nan avi sa a pral fèt sèlman avèk otorizasyon alekri ou. Si ou ba nou otorizasyon alekri, ou kapab anile l nenpòt lè. Sa gen ladan bay nou otorizasyon pou pataje enfòmasyon yo ak fanmi w, zanmo pwòch, oswa lòt moun ki enplike nan swen ou an. Nou p ap janm vann enfòmasyon ou yo oswa itilize yo pou rezon maketin sof si ou bay nou pèmisyon alekri pou fè sa.

**Responsabilite Nou Yo.** Lalwa ba nou obligasyon pou konsève vi prive ak sekirite enfòmasyon pwoteje sou sante ou yo. Nou gen obligasyon pou swiv obligasyon ak pratik vi prive ki dekri nan avi sa a epi ba w yon kopi avi sa a. Sa gen ladan fè nou konnen san pèdi tan si vin gen yon vvolasyon ki kapab te mete vi prive oswa sekirite enfòmasyon sou sante ou yo an danje. Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo sof enfòmasyon ki dekri nan avi sa a sof si ou di nou ka fè sa alekri. Si ou di nou kapab, ou kapab chanje lide w nenpòt lè.<

**Chanjman nan avi sa a.** APD gen dwa pou chanje tèm avi sa a; epi, chanjman yo aplike nan tout enfòmasyon nou genyen sou. Nouvo avi sa a pral disponib sou sit entènèt nou an epi y ap voye l pa lapòs ba ou lè ou mande sa.

**Enfòmasyon pou Kontak.** Si ou gen nenpòt kesyon, demann, oswa si ou ta renmen jwenn yon kopi enprime avi sa a, tanpri kontakte biwo APD ou an nan zòn ou an nan nimewo telefòn ki mansyone pi ba a. Nou kapab mande pou ou fè yon demann alekri.

**Rejyon Nòdwès** (pou konte Bay, Calhoun, Escambia, Franklin, Gadsden, Gulf, Holmes, Jackson, Jefferson, Leon, Liberty, Okaloosa, Santa Rosa, Wakulla, Walton, ak konte Washington) rele (850) 487-1992;

**Rejyon Nòdès** (pou konte Alachua, Baker, Bradford, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Hamilton, Lafayette, Levy, Madison, Nassau, Putnam, St. Johns, Suwannee, Taylor, Union, ak konte Volusia) rele (844) 766-7517;

**Rejyon Santral** (pou konte Brevard, Citrus, Hardee, Hernando, Highlands, Lake, Marion, Orange, Osceola, Polk, Seminole, ak konte Sumter) rele (407) 245-0440;

**Rejyon Suncoast** (pou konte Charlotte, Collier, DeSoto, Glades, Hendry, Hillsborough, Lee, Manatee, Pasco, Pinellas, ak konte Sarasota) rele (800) 615-8720;

**Rejyon Sidès** (pou konte Broward, Indian River, Martin, Okeechobee, Palm Beach, ak konte Saint Lucie) rele (844) 766-7520;

**Rejyon Sid** (pou konte Dade ak Monroe) rele (305) 349-1478;

**Sant Sunland** rele (850) 482-9210; epi

**Sant Tacachale** rele (352) 955-5000.

**Kilès ki resevwa Avi sou Politik Vi Prive sa a ak Pwoteksyon Enfòmasyon sou Sante yo?** APD voye avi sa a bay tout fanmi benefisyè. Avi sa a aplike ak tout kliyan ke Ajans lan desèvè yo. Pou respekte Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyadaptasyon oswa Lwa 1990 sou Ameriken ki Andikape, tanpri kontakte Responsab Vi Prive HIPAA a nan adrès ki endike nan Avi sa a si ou ta renmen resevwa Avi sa a nan yon lòt fòma tankou Bray, gwo enpresyon, oswa odyo.

APD OGC HIPAA Form #0000 (*Effective date:* September 14, 2020)